# JASLARDI SHAŃARAQ TURMISINA HÁM ATA-ANA BOLIW PROCESINDE EMACIONAL KOMPETENCIYA, EMPATIYA, TRENINGLERDIŃ ORNI

**Matjanov Aman Jarilkapovich**
Qaraqalpaq mámleket universitetinde Tariyx pánleri boyınsha PhD, Dotsent.
**Jumagaziyeva Moldir Rashid qızı**
Berdaq atındağı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti student.
**Mambetnazarova Hurzada Orinbay qızı**
Berdaq atındağı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti student.
**Meshitbaev Sultanbek Rustambek ulı**
Berdaq atındağı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti student.
https://doi.org/10.5281/zenodo.18011594

***Annotatsiya.*** *Usı izertlewde jaslardı shańaraq turmısına tayarlaw hám ata-ana bolıw procesinde emocional kompetenciyağa tiyisli treninglerdiń áhmiyeti haqqında mağlıwmatlar keltiriledi. Sonday-aq, emocional kompetenciya hám empatiya treninglerin ámelge asırıw basqıshları haqqında tolıq mağlıwmatlar beriledi. Shańaraqta túrli psixologiyalıq mashqalalar júzege kelse jaslardı psixologiyalıq treningler arqalı bir-birin túsiniwine járdem beriw múmkin.*

*Jaslarğa shańaraqtıń muqaddes ekenligin túsindiriw, olardıń shańaraqlıq ortalığın jaqsılawğa járdem beriw, olardıń shańaraqlıq turmıstağı kónlikpelerin arttırıw boyınsha pikirler tallanadı.*

***Gilt sózler:*** *Shańaraq, turmis, neke, emocional kompetenciya, empatiya treningler, konflikt jağdaylar, psixologiyalıq izertlewler, tárbiya, psixologiyalıq baylanıs.*

## Kirisiw

Jas áwladtıń shańaraqlıq turmısqa tayarlıǵı, ata-analıq juwapkershilikti tereń ańlaw, emocionallıq turaqlılıq hám empatiya kónlikpelerin qáliplestiriw úlken áhmiyetke iye bolmaqta.

Shańaraq jámiyettiń eń kishi tiykarı bolıp, onda insannıń shaxs sipatında qáliplesiwi, ruwxiy jetilisiwi, sociallıq beyimlesiwi ámelge asadı. Sol sebepli jaslardı shańaraq turmısına puqta tayarlaw, olardı ata-ana bolıw procesine juwapkershilik penen qatnas jasawǵa úyretiw zamanagóy tálim-tárbiya sistemasınıń eń áhmiyetli baǵdarlarınan biri bolıp esaplanadı.

Zamanagóy psixologiyalıq izertlewler sonı kórsetedi, shańaraqtıń bekkemligi hám perzent tárbiyasındaǵı tabıs tiykarınan shaxstıń emocionallıq kompetenciyası hám empatiya dárejesine tikkeley baylanıslı. Emocional kompetenciya bul insannıń óz sezimlerin ańlaw, basqarıw hám basqalardıń sezimlerin túsiniw qábileti. Empatiya bolsa basqalardıń keshirmelerin seziw, olardı túsiniw hám olarǵa shın kewilden múnásibet bildiriw kónlikpesi bolıp esaplanadı.

Mine usı eki psixologiyalıq tárep jas shańaraqlardıń turaqlı turmıs keshiriwi, kelispewshiliklerge durıs qatnas jasawı, balalar menen salamat psixologiyalıq baylanıs ornatıwında sheshiwshi orındı ieleydi. Ózbekstan Respublikasında jaslardı shańaraqlıq turmısqa tayarlaw, olardı ruwxıy bárkamal insan sıpatında qáliplestiriw mámleketlik siyasat dárejesinde itibarǵa alınǵan. "Shańaraq koncepciyası" hám "Shańaraq hám hayal-qızlardı qollap-quwatlaw strategiyası"nda jaslardıń psixologiyalıq tayarlıǵın kúsheytiw, empatiya hám emocionallıq mádeniyattı rawajlandırıw tiykarǵı maqset sıpatında belgilengen. Sol sebepli bul izertlew ilimiy, ámeliy hám sociallıq jaqtan oǵada áhmiyetli.

Shańaraq insan turmısınıń ajıralmas bólegi esaplanıp, ol shaxstıń sociallıq ortalıqqa beyimlesiwi, sezimlik hám ádep-ikramlılıq qáliplesiwiniń tiykargı orayı esaplanadı. Ata-ana juwapkershiligi bul tek balanı dúnyaǵa keltiriw emes, al oni ruwxiy, ádep-ikramlılıq hám fizikalıq jaqtan jetik insan etip tárbiyalaw minnetlemesi bul uliwma ideya sipatında qaralıwı kerek. Jaslardı bul processke tayarlaw olardıń psixologiyalıq tayarlıǵı, turmıslıq tájiriybelerge tiykarlanǵan qádiriyatları, emocionallıq jetikligi hám sociallıq rollerdi ańlaw dárejesi menen tıǵız baylanıslı bolıp esaplanadı. Jas shańaraqlarda emocional kompetenciya psixologiyalıq trening shólkemlestiriw arqalı olardıń ómirlik joldasları arasındaǵı qarım-qatnas sapasın jaqsılawǵa járdem beredi. Sonday-aq, konfliktli jaǵdaylar psixologiyalıq qarım-qatnasta treningler túrinde sheshiledi. Ata-analar hámiyshe perzentleri menen salamat psixologiyalıq qarım-qatnas ornatıwı shańaraqta salamat ortalıq qáliplesiwine járdem beredi. Shańaraq ortalıǵında tınıshlıq hám miyrim-shápáát bekkemlenedi, dep oylaymız.

Ózbekstanlı tájiriybeli pedagog-psixologlardıń atap ótiwinshe, jaslar arasında emocional kompetenciyanı rawajlandırıwdıń eń nátiyjeli usılı psixologiyalıq treningler, shańaraqlıq sóylesiw shınıǵıwları arqalı olardı turmıslıq jaǵdaylarǵa tayarlaw eń jaqsı usıl sıpatında tán alınǵan.

Empatiya treningler arqalı insannıń basqa adamnıń sezimlerin túsiniw, olardı seziw hám soǵan sáykes juwap beriw qábiletin arttırıwda tiykargı qural sıpatında qaraladı. Bul sipat jaslardıń shańaraq turmısında keńpeyil, sabırlı hám miyrimli boliwin támiyinleytuǵın psixologiyalıq process esaplangan. Empatiya treningleri arqalı shaxsta turmıslıq kónlikpeni qáliplestiriwde hám shańaraqlıq ortalıqtı bekkemlewge xızmet etedi. Empatiya treningleriniń tiykargı maqseti hám wazıypaları basqa adamlardıń sezimlerin durıs talqılawdan ibarat degen pikirge keliwimiz múmkin. Jaslardı turmısqa tayarlawda óz sezimlerin basqarıw hám bildiriw mádeniyatın rawajlandırıw zárúr boladı. Shańaraqta júzege keletuǵın konflikt jaǵdaylarında konstruktivlik psixologiyalıq qarım-qatnas júrgiziw maqsetke muwapıq. Ata-ana sıpatında balaǵa mehir, itibar hám túsiniwdi arttırıw úlken áhmiyetke iye. Shańaraq turmısında emocional kompetenciya hám empatiya bir-birin tolıqtıratuǵın psixologiyalıq hádiyseler esaplanadı.

Emocional kompetenciya óz sezimlerin basqarıw imkanın berse, empatiya basqalardıń sezimlerin túsiniwge járdem beredi. Bul eki psixologiyalıq tárepler úylesken jaǵdayda ǵana shańaraq ishinde salamat qarım-qatnas júzege keledi, bir-birine óz-ara húrmet hám isenim ortalıǵın jaratıwda tiykargı qural esaplanadı. Pedagogikalıq ámeliyatta jaslardı shańaraqlıq turmısqa tayarlawda emocional-intellektual shınıǵıwlar, psixologiyalıq treningler, psixodrama hám psixologiyalıq sóylesiw treningleri keń qollanılmaqta. Empatiya hám emocionallıq kompetenciyanı rawajlandırıw arqalı jaslar óz sezimlerin ańlaw, basqalardı túsiniw, turmıslıq mashqalalardı unamlı sheshiw kónlikpelerin arttırıw múmkin boladı. Bul bolsa kámil insandı qáliplestiriw hám bekkem shańaraq qurıwdıń tiykarı esaplanadı. Búgingi kúnde Ózbekstan jaslarına emocionallıq-empatiyalıq tayarlıqtı kúsheytiw arqalı olardıń tek jeke emes, al sociallıq turaqlılıǵın da támiyinlew múmkin boladı. Bul baǵdarda bilimlendiriw sistemasında psixologiyalıq treninglerdi keńeytiw, shańaraqlıq turmısqa tayarlawshı baǵdarlamalardı engiziw, psixologlardıń mamanlıǵın arttırıw zárúr. Bunday psixologiyalıq treningler arqalı jaslar óz sezimlerin basqarıwdı, basqalarǵa shın kewilden qatnas jasawdı úyrenedi. Ásirese, bolajaq ata-analar ushın bul kónlikpeler perzent tárbiyasında sheshiwshi áhmiyetke iye.

Bilimlendiriw sistemasında psixologiyalıq shınıǵıwlar sıpatında bunday treninglerdi engiziw oqıwshılar hám studentlerde keńpeyillik, miyrim-shápáát, sóylesiw mádeniyatın kúsheytedi. Shańaraqlıq turmısqa tayarlawda dáslep jaslarda shańaraqlıq turmıs haqqındaǵı túsiniklerdi anıqlaw hám olardı durıs qáliplestiriw tálim-tárbiyanıń áhmiyetli tárepi bolıp, jaslardıń ata-analıq roline psixologiyalıq tayarlıq kóriwdi qáliplestiriwde úlken áhmiyetke iye. Jaslardıń hár tárepleme jetik shaxs bolıwǵa umtılıwı, psixologiyalıq jaǵdayları, shańaraqlıq qatnasıqları, basqa shaxsqa beyimlilik kúsheygen dáwir psixologiyasın tereń ańlap jetip, kelesi ómirlerin mashqala yetpewi ushın tárbiyalıq tárepleriпе de itibar qaralıwı kerek. Jaslar shańaraq ortalıǵında ata-ana roli, ata-analıq minneti, juwapkershilik sezimlerin seze alıwı ushın olarda belgili dárejede ámeliy tájiriybeler, ilimiy túsinikler boliwi kerek.

Onıń ushın jaslarda neke quriwga múnásibeti, nekege tayarlıǵı hám neke quriw motivleri, shańaraq haqqındaǵı kóz-qarasların duris qáliplestiriwge járdem kórsetiw kerek. Shańaraqqa psixologiyalıq tayarlaw kurslarında jaslar shańaraqtaǵı ata-ana roline húrmet penen qarawın támiyinleydi hám erli-zayıplılar bir-birin jaqsı túsiniwine imkaniyat jaratadı, bir-birine isenimin arttırıwda shańaraqtaǵı tiykarǵı qádiriyatlardı ańlawǵa járdem beredi. Sebebi, búgingi jaslardıń pikirlewi ótkir, keń hám kreativ formada rawajlanıp barmaqta. Zamanagóy jámiyette jaslardı shańaraq turmısına tayarlaw procesi áhmiyetli sociallıq-psixologiyalıq wazıypalardı óz ishine aladı. Jaslardıń shańaraqlıq turmısqa tayarlanıw procesinde olar kóbinese óz shańaraqlıq dástúrlerin, ata-analardıń múnásibetleri hám shańaraq aǵzalarınıń sociallıq roli haqqında tásir alıwı zárúr. Jaslardıń shańaraqlıq turmısqa tayarlanıwına tásir etiwshi faktorlar arasında shańaraq ortalıǵı, mektep, doslar, sociallıq tarmaqlar hám ǵalabalıq mádeniyat ayrıqsha áhmiyetke iye. zamanagóy jaslardı shańaraqlıq turmısqa tayarlaw sociallıq-psixologiyalıq jaqtan quramalı process bolıp, bul process jaslardıń óz ara múnásibetleri, psixologiyalıq tayarlıǵı hám shańaraqlıq qádiriyatlar haqqında duris túsiniklerdi qáliplestiriwdi talap etedi. Kópshilik jaslarımız, ásirese tabıslı shańaraqlarda tárbiyalanǵan jaslar, shańaraq qurıw aldında bolar eken, kópshilik jaǵdaylarda ózleriniń bolajaq shańaraqlıq turmısı ushın óz ata-anasınıń shańaraǵın ideal etip aladı. Sebebi olar usı shańaraqta tárbiyalanar eken, "eslerin bilgenlikten berli" ata-anasınıń jánjellesip tartısqanın, bir-birin húrmet etpegenin esley almaydı. Bunday shańaraqlarda ata-analar da ózleriniń óz ara qatnasıqlarındaǵı unamsız tárepleriп perzentlerine sezdirmewge háreket etedi.

YAmasa olardıń óz ara múnásibetlerinde júz beriwi múmkin bolǵan kelispewshilik waqıtları, bir-birine beyimlesiw processleri nekeniń basında, ele perzentleri dúnyaǵa kelmesten burın bolıp ótip ketken. Balalar bolsa olar turmısınıń tek jaqsı, tınısh-tatıw, awızbirshilikli, bir-birine degen miyrim-shápáátli, ibratlı tárepleriпеn gana xabardar boladı. Sonday shańaraq dúziwdi kóz aldına keltirip atırǵan jaslarımız, shańaraq qurǵannan soń ózleri kútkendey turmıs keshire almasa, nekeniń dáslepki eń názik, quramalı, qıyın, jańa sociallıq jaǵdaylar, sharayatlar, bir-birine beyimlesiw processlerinde júzege kelgen qıyınshılıqlar, tosqınlıqlar, mashqalalarǵa dus keliwi múmkin.

**Juwmaq**

Jaslar shańaraqlıq turmısqa tayar bolıwı ushın tek ǵana dúnya qarası emes, al emocionallıq, psixologiyalıq hám sociallıq kónlikpelerge de iye bolıwı zárúr. YAǵnıy jaslardıń shańaraq hám shańaraqlıq turmısqa kózqarasları, olarǵa shańaraqta júzege kelgen hádiyselerge tásir etiwshi sociallıq-psixologiyalıq faktorlar, shańaraqlıq turmısqa tayarlawda bilimlendiriw mákemeleriniń

ornı hám ózin-ózi ańlawı jámiyette óz ornın tabıwı úlken áhmiyetke iye bolıp esaplanadı. Álbette, bul processlerdiń barlıǵında tek ǵana jaslar emes, al, shańaraq, máhálle, bilimlendiriw mákemeleri hám ulıwma jámiyette barlıq qánigelerdiń birgeliktegi, bir maqsettegi jumısınıń nátiyjesinde nátiyjeli ámelge asadı. Bul óz gezeginde, jámiyette salamat shańaraqlıq qatnasıqlardıń qáliplesiwine járdem beredi hám jaslardıń keleshekte turaqlı shańaraq qurıwında tiykar boladı.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Jarilkapovich, Matjanov Aman. "Program Technology for Choosing an Effective Educational Methodology Based on Modern Pedagogical Research in The Educational System." CURRENT RESEARCH JOURNAL OF PEDAGOGICS 6.02 (2025): 30-33.
2. Jarilkapovich, Matjanov Aman. "USE OF PEDAGOGICAL METHODS BASED ON THE MODERN EDUCATIONAL PROGRAM TO INCREASE THE EFFECTIVENESS OF EDUCATION." European International Journal of Pedagogics 4.06 (2024): 26-33.
3. Jarilkapovich, Matjanov Aman. "The Role of Modern Education and The Teacher's Pedagogical Skills in The Application of Pedagogical Teaching Methods." International Journal of Pedagogics 5.04 (2025): 266-268.
4. Turemuratova, Aziza, Rita Kurbanova, and Barno Saidboyeva. "EDUCATIONAL TRADITIONS IN SHAPING THE WORLDVIEW OF YOUNG PEOPLE IN FOLK PEDAGOGY." Modern Science and Research 2.10 (2023): 318-322.
5. Begibaevna, Turemuratova Aziza, and Asamatdinova Bazargul Bakhadirovna. "PEDAGOGICAL FOUNDATIONS OF DEVELOPING STUDENTS'COLLABORATIVE SKILLS BASED ON A MULTI-VECTOR APPROACH." European International Journal of Pedagogics 4.11 (2024): 183-187.
6. Turemuratova, A. B. "TA’LIMDA PEDAGOGIK YONDASHUVLAR ASOSIDA O’QUVCHIYOSHLARNING KOLLOBORATIV KO’NIKMALARINI RIVOJLANTIRISH MEXANIZMLARI." Inter education & global study 3.4 (2025): 242-250.
7. Turemuratova, Aziza, and Bauirjan Otebekov. "PEDAGOGIKALIQ METODLAR ARQALI OQIWSHILARDIŃ KOLLOBORATIV KÓNLIKPELERIN ASIRIW." Modern Science and Research 4.4 (2025): 239-244.
8. Kurbanova, R. J., and B. E. Saidboeva. "MAKTAB VA OILADA ESTETIK TARBIYANI SHAKLLANTIRISH JARAYONIDA O'QUVCHILARNING AKSIOLOGIK DUNYOQARASHINI RIVOJLANTIRISH." Inter education & global study 9 (2024): 114-121.
9. Jarasovna, Kurbanova Rita. "The Role of National Values in Shaping the Aesthetic Worldview of Schoolchildren." International Journal of Pedagogics 5.03 (2025): 55-58.
10. Aziza, Turemuratova. "KONFLIKT VA UNING KELIB CHIQISH SABABLARI." Новости образования: исследование в XXI веке 3.32 (2025): 465-467.
11. Begibaevna, Turemuratova Aziza. "EFFECTIVE EDUCATIONAL INDICATORS OF MULTI-VECTOR APPROACHES IN FORMING COLLABORATIVE SKILLS OF STUDENTS BASED ON PEDAGOGICAL METHODS OF INNOVATIVE EDUCATION." International Journal of Pedagogics 4.11 (2024): 153-157.